

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar hasil analisis jeung déskripsi data dina bab VI, ngeunaan kalimah salancar jembar nu aya dina buku kumpulan carpon Kanyaah Kolot karya Karna Yudibrata, aya opat hal nu bisa dicindekkeun.

Kahiji, dina ieu panalungtikan, kapanggih aya 94 data kalimah salancar jembar. Ieu data ngawengku struktur kalimah salancar jembar sarta wanda harti kalimah salancar jembar disawang tina unsur fungsional kateranganana.

Kadua, hasil analisis dina data kalimah salancar jembar nu aya dina buku kumpulan carpon Kanyaah Kolot karya Karna Yudibrata, kapanggih struktur kalimah salancar jembar anu ngawengku 4 pola, di antarana 1) Pola 1: Jejer + Caritaan + Katerangan, aya 33 kalimah, 2) Pola 2: Katerangan + Caritaan+ Jejer, aya 9 kalimah, 3) Pola 3: Caritaan + Jejer + Katerangan, aya 5 kalimah, 4) Pola 4: Caritaan + Katerangan + Jejer, aya 5 kalimah. 5) Pola 5: Katerangan + Jejer + Caritaan, aya 15 kalimah, 6) Pola 6: Jejer + Caritaan + Komplémén + Katerangan, aya 26 kalimah, 7) Pola 7: Jejer + Caritaan + Udagan + Komplémén + Katerangan, aya 5 kalimah, 8) Pola 9: Jejer + Caritaan + Udagan + Katerangan, aya Pola. pola 9: Katerangan + Jejer + Caritaan + Komplémén, aya 3 kalimah. Ku kituna dumasar kana hasil panalungtikan di luhur, dina buku kumpulan carpon Kanyaah Kolot karya Karna Yudibrata lolobana make pola 1, nu diwangun ku jejer, caritaan, jeung katerangan.

Katilu, hasil analisis data nu aya dina buku kumpulan carpon Kanyaah Kolot karya Karna Yudibrata, kapanggih wanda harti kalimah salancar jembar dumasar unsur fungsional kateranganana, anu ngawengku 94 harti kalimah salancar jembar. Dumasar hasil analisis aya 94 harti kalimah salancar jembar disawang tina unsur fungsionalna, di antarana: 1) kalimah salancar jembar tempat, kapaluruh aya 48 kalimah, 2) kalimah salancar jembar waktu, kapaluruh aya 24 kalimah, 3) kalimah salancar jembar tujuan, kapaluruh aya 5 kalimah, 4) kalimah salancar jembar pangbarung, kapaluruh aya 7 kalimah, 5) kalimah salancar jembar

pangjumlah, kapaluruh aya 2 kalimah, 6) kalimah salancar jembar babandingan, kapaluruh aya 2 kalimah, 7) kalimah salancar jembar modalitas, kapaluruh aya 1 kalimah, 8) kalimah salancar jembar panyabab, kapaluruh aya 1 kalimah, jeung 9) kalimah salancar jembar cara, kapaluruh aya 5 kalimah. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén dina buku kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata lolobana miboga harti katerangan tempat.

Tina sagemblengna kacindekan, bisa dicindekkeun yén kalimah salancar jembar dina buku kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata, ditilik tina struktur kalimahna, lolobana nyoko kana pola 1: Jejer + Caritaan + Katerangan. Sedengkeun upama ditilik tina harti kalimah salancar jembar disawang tina unsur fungsional kateranganana, lolobana nyoko kana kalimah salancar jembar anu miboga harti tempat.

## 5.2 Implikasi

Implikasi dina ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun dina widang kabahasaan hususna dina élmu sémantik. Panalungtikan ieu medar ngeunaan kalimah salancar jembar anu museur kana struktur jeung harti disawang tina unsur fungsionalna nu aya dina buku kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata. Dipiharep bisa leuwih ngajembaran pangaweruh ngeunaan struktur ogé harti kalimah salancar jembar disawang tina unsur fungsional kateranganana.

Implikasi nu bisa dilarapkeun tina hasil panalungtikan ngeunaan kalimah salancar jembar utamana di dunya atikan, dipiharep bisa jadi pangaweruh hususna ngeunaan kalimah salancar jembar sangkan bisa dilarapkeun dina pangajaran hususna ngeunaan kalimah.

## 5.3 Rékoméndasi

Hasil panalungtikan di luhur, kapaluruh ayana sawatara rékoméndasi nu ditujukeun pikeun sababaraha pihak anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

Pikeun ngeyeuban data kalimah salancar jembar, masih perlu panalungtikan séjén anu ngaguar ngeunaan fungsi katerangan kalimah salancar jembar, kusabab fungsi katerangan mangrupa unsur basa anu lega guareunana.

Panalungtik satuluyna, hususna dina widang bahasa, dipiharep pikeun ngaguar ambahanana leuwih lega, nu sumebarna tina karangan séjén.